Пролетару дувей псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ЛIЫЖЬ

Орган ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм и Облсоветым, горкомым и оргэнщ

№ 76 (2303) Гъубж, июлым и 4-м 1944 гъ. И уас. кI. 20

3-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм 1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзыхэр къыдэIэпыкъукIэрэ, дыгъуасэ, июлым и 3-м немецкэ-фашистскэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ Советскэ Белоруссиям и столицэ—город **Минск**.

Верховнэ Главнокомандующэм и приказ

Армиям и генерал ЧЕРНЯХОВСКЭМ

Советскэ Союзым и Маршал РОКОССОВСКЭМ

3-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм 1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэр къыдэIэпыкъукIэрэ, куэдрэ ухъурэ ирагъэкIуэкIа маневрэхэм къыхэкIкIэ, июлым и 3-м, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ Советскэ Белоруссиям и столицэ город **Минск**—западнэ направлением дэж немецхэм я оборонэмкIэ стратегическэ зыхьэнэшхуэ зиIэ узелыр (зэхыхьэпIэр).

Минск къэщтэнигъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм дежи щапхъэфIхэр къагъэлъэгъуахэщ танкыдзэхэм я генерал-майор **Бурдейный**, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант **Обухов**, бронетанкыдзэхэм я маршал **Ротмистров**, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант **Родин**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Нецветайло**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Вовченко**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Фоминых**, полковник **Лосик**, полковник **Антигугин**, полковник **Нестеров**, подполковник **Антипенко**, полковник **Гриценко**, подполковник **Есипенко**, полковник **Походзеев**, полковник **Долганов**, подполковник **Мищенко**, подполковник **Молчанов**, подполковник **Курносов**, полковник **Морозов**, полковник **Ивченко**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Бахаров**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Панов** сымэ я танкистхэм; генерал-лейтенант **Плиев**, генерал-майор **Гутаковский**, генерал-майор **Головский**, полковник **Поприденко** сымэ я шу соединениехэм; генерал-лейтенант **Рыжаголев**, генерал-полковник **Галицкий**, генерал-полковник **Батов**, генерал-лейтенант **Лучинский**, генерал-лейтенант **Кошевой**, генерал-майор **Простосердов**, генерал-майор **Берестов**, генерал-майор **Гуржиженко**, полковник **Полевик**, полковник **Дудка**, полковник **Ковтунов**, полковник **Климахин** сымэ я артиллеристхэм; артиллериям и генерал-майор **Барсуков**, артиллериям и генерал-майор **Семин**, артиллериям и генерал-майор **Владимиров**, артиллериям и генерал-майор **Сазонов**, полковник **Лубман**, полковник **Федотов**, полковник **Хасин**, майор **Степанов**, майор **Антонов**, подполковник **Пыталев**, майор **Михайлов**, подполковник **Майоров**, майор **Середа**, полковник **Ильяков** сымэ я дзэхэм; авиациям и генерал-полковник **Хрюкин**, авиациям и генерал-полковник **Руденко**, авиациям и генерал-лейтенант **Ушаков**, авиациям и генерал-лейтенант **Белецкий**, авиациям и генерал-лейтенант **Савицкий**, авиациям и генерал-лейтенант **Логинов**, авиациям и генерал-лейтенант **Георгиев**, авиациям и генерал-лейтенант **Гупиков**, авиациям и генерал-лейтенант **Нестерцев**, авиациям и генерал-майор **Волков**, авиациям и генерал-майор **Счетчиков**, авиациям и генерал-майор **Буянский**, авиациям и генерал-майор **Захаров**, авиациям и генерал-майор, **Андреев**, полковник **Прутков**, полковник **Зимин** полковник **Васильев**, полковник **Скок**, подполковник **Родин**, полковник **Юрин**, майор **Максимов** сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-лейтенант **Баранов**, полковник **Проневич**, полковник **Исупов**, полковник **Федоров** сымэ я саперхэм; полковник **Белышев**, полковник **Минин**, подполковник **Геллер** сымэ я связистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, **Минск** къэщтэнигъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм дежи нэхъ щапхъэфIхэр къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ **„Минскэхэщ“** жэуэ цIэхэр фIащыну икIи орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, июлым и 3-м, сыхьэт 22-м дежи, ди Родинэм и столицэ **Москва**, Родинэм и цIэкIэ салют яретыр: **Минск** къэзыштахэмрэ икIи **Минск** къэщтэнигъэмкIэ дыIэпыкъуэгъу хъуа ди дзэ лIыхъужьхэм—топщищрэ тIощIрэ плырэр тIощIрэ плырэкIэ зэдэуэкIэрэ.

Зауэр IэкIуэ-лъакIуэу зэрырагъэкIуэкIахэм щхьэкIэ **Минск** къэщтэнигъэмкIэ екIуэкIа зауэм хэтахэу, Фэ фIэщIэлъ дзэхэм псоми **фIыщIэ яхузощIыр**.

МыкIуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэбэнхэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал

И. СТАЛИН.

Июлым и 3-м 1944 гъэм.

Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, июлым и 3-м. (ТАСС). Экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым пшэдджыжьым къыригъэхь хъыбарым жеIэр:

„Июлым и 2-м пщэдджыжьыр икIыхункIэ Одон псым дежи плацдармэхэр ягъэбыдахэщ. Бийр заулрэ атакэ къэкIуащ, ауэ абыхэм псомкIи зызэпырагъэгъэзащ. Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым. Дыгъуасэ махуэ псом и кIуэцIкIэ уэлбану зэрыщытым къыхэкIкIэ авиацияр щIагъуэ зэуакъым“.

ЛОНДОН, июным и 3-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым пщыхьэщхьэм къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр:

„Июлым и 2-м махуэм и етIуанэрей ныкъуэм и кIуэцIкIэ Кан районым дежи мащIэу зэхэуа къудейщ. Ди патрульхэр куэд ихьащ Эвреси сектором дежи бийм и дзэхэр здэщыIэ линиям. Союзникхэм я дзэхэр фронтым и кIыхьэгъыхэкIэ бийм лъыIэс зэпытащ. Нобэ союзникхэм я къарухэм Котантен хыгъэхъуэ ныкъуэм и ипщэ лъэныкъуэм дежи территория гуэрхэр къащтахэщ.

Июлым и 3-м и махуэ нык ъуэм нэсыхункIэ авиацияр щIагъуэ зэуакъым уэлбанэм къыхэкIкIэ.“

Истриям немецкэ оккупантхэм хьэкIэкхъуэкIагъэу щызэрахьэхэр

ЖЕНЕВА, июлым и 3-м. (ТАСС). Югославиям кънкIыу къызэратымкIэ, Истриям немецкэ оккупантхэм лъы щызэрагъэжащ. Ягъэсахэщ икIи щIым тырагъэкIуэдыкIащ пщIы бжыгъэм нэс къуажэ. Псом хуэмыдэу, Iейуэ немецхэм Лица къуажэм дэс цIыхухэр якIахэщ. Гитлеровскэ хьэкIэкхъуэкIэхэр, къуажэм дыхьэхэкIэрэ, бзылъхугъэ, сабий, лIыжь зымыгъэпщкIуфахэр якIыу хуежьахэщ. ЯукIауэ щытащ цIыху 300-м нэс. Немецкэ солдат, офицерхэм атIанэ къуажэм нафIэ кIэщIадзащ, цыхухэм я унэхэм къыщIагъэкIын ямыдэу. Хэти, унэ нафIэм исым къыхэкIыжыну хуежьами, немецкэ солдатхэм аргуэру нафIэм хахуэжт. ЗэтеукIауэ зэхэлъу бзылъхугъэхэр, сабийхэм я щхьэхэр зэгуэудауэ, лIыжь зэхэубгэжьа куэдхэр Iугъуэ къызыхих зэтеуа унэхэм я хьэдэхэр къыхэнахэщ.

Бийм хэкIуэдыкIыныгъэу ирихьэкIамрэ Белор сскэ фронтхэм я дзэхэм трофейуэ къащтахэмрэ

1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм Советскэ Союзым и Маршал **Рокоссовский** и командованиекIэ, наступательнэ зэрагъэкIуэкIам къыхэкIкIэ, июлым и 23-м къыщыщIэдзауэ июным и 29-м нэсыхункIэ бийм мы къэкIуэну удынэ къыху къэрумрэ техникэмрэ ирахащ:

Зэхакъутахэщ: танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэзыщIыкIа—216, топ калибр зэщымыщIа—1325, миометхэу—1370, пулеметуэ — 3660, автомашинэу—8360. Зауэ здекIуэкIа губгъуэм бийм и солдат, офицерхэм я хьэдэу мин 50-м нэс къырикIащ.

А зэманым и кIуэцIкIэ 1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм **къащтахэщ** мы къэкIуэну трофейхэр: танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэзыщIыкIа—106, топ калибр зэщымыщIа—1342, миометуэ — 834, пулеметуэ—3744, фочуэ мини 10, радиостанцуэ—144, телеграф аппаратуэ—400, автомашинэу—7562, тягачуэ — 215 гу военнэ хьэпшып хьэлъэ ярылъхэу — 4300, эшелонуэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр ярылъхэу — 36, шыуэ—7748, боеприпас, Iэшэ, фащэ, рискъы щIэлъуэ склад—263.

Плен къащIащ немецкэ солдат офицерхэу—23680.

Абыхэрэ, 1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм махуихым и кIуэцIкIэ ирагъэкIуэкIа наступлением къыхэкIкIэ, бийми Бобруйскэ группировкэр къэувлъхурейхьыныгъэр, ахэр зэтеукIэныгъэр икIи **Бобруйск** къэщтэныгъэмкIэ, немецхэм хэкIуэдыкIыныгъэу ирахьэкIар и нэхъыщхьэ техникэмрэ и цыху къарумрэ мэхъур: пленми, укIыгъэми 73680, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэдэу—366, топ калибрэ зэмылIэужьыгъуэхэу—2664, миометуэ—2254, пулеметуэ — 7401, автомашинэу—15922.

2-рей Белорусскэ фронтым и дзэхэм генерал-полковник **Захаров** и командованиекIэ, наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам къыхэкIкIэ, июным и 23-м къыщыщIэдзауэ июным и 29-м нэсыхункIэ бийм мы къэкIуэну хэкIуэдыкIыныгъэхэр ирахащ и цыху къарумрэ и техникэмрэ:

Зэхакъутахэщ: танкхэу—60, калибрэ зэмылIэужьыгъуэхэу топ—250, миометуэ—200, пулеметуэ—500 автомашинэу—3150. Зауэ здекIуэкIа губгъуэм бийм и солдат, офицерхэм я хьэдэу мин 30-м нэс къыранащ.

А зэманым ирихьэлIу **2-рей Белорусскэ** фронтым и дзэхэм **къащтахэщ** мы къэкIуэну трофейхэр: танкхэу—20, калибрэ зэмылIэужьыгъуэхэу топ—161, миометуэ —192, паровозуэ—3, вагонуэ—120, шыуэ—2100.

Плен къащIащ солдат 3250, офицеруэ—100, немецкэ генерал-командирит1 12-рей пехотнэ дывизым и генерал-лейтенант Бамлер, город Могилев и комендант генерал-майор Эрдмандсорф.

Зауэ ирагъэкIуэкIахэм, **Могилевскэ направлением дэж бийр зэтыраукIыу икIи Могилев хуит къащIыжыныгъэмкIэ**, 2-рей Белорусскэ фронтым и дзэхэм ирагъэкIуэкIа махуибл наступление зауэхэм къыхэкIкIэ немцхэм нэхъ техникэ нэхъыщхьэу икIи цыху къарууэ яфIэкIуэдар мэхъур: уIэгъэми, укIыгъэми—3325, танкхэу—80, калибрэ зэмылIэужьыгъуэхэу топ—411, миометуэ—392, пулеметуэ—106, автомашинэу—6150.

1-рей, 2-рей, Белорусскэ фронтхэм ирагъэкIуэкIа наступательнэ зауэм дежи немецхэм я боевой техникэмрэ цIыху къарумрэ ираха хэкIуэдыкIыныгъэр мэхъур; уIэгъэми, укIыгъэми—106930, танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду—446, калибрэ зэмылIэужьыгъуэхэу топ—3075, миометуэ—2646, пулеметуэ—8464, автомашинэу—22072.

Совинформбюро.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июлым и 2-м и оперативнэ сводкэ

Июным 2-р екIуэкIыхункIэ ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж КАРЕЛЬСКЭ фронтым и дзэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ Карело-Финнскэ ССР-м и районнэ центр СПАССКАЯ ГУБА, абы хуэдэ къабзу къащтащ къуажэхэу КИНДАСОВО, 1-рей, 2-рей СОСНОВАЯ ЛАМБА, КИНЕЛАХТА, РАЯСЕЛЬГА, РАЯСЕЛЬКЯ.

Город ПОЛОЦК и къухьэпIэIуэкIэ икIи ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэр зауэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ, къащтащ ВИЛЕЙСКЭ областым и районнэ центру городхэу ШАРКОВИЗНА, ПЛИССА, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 250 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ПОГОСТ СТАРЫЙ, ДЗИНДЗИЛОВО, КОМАРОВЩИЗНА, УЖЕЧЕ, ЗАБЕЛЕ, МИХАЛЫ, ЛЕПЛЯНЫ, НЕСЬЦЕР, ОВЩИЗНА, ТУМИЛОВИЧИ, ЗАМОСТОЧЬЕ, гъущIгъуэгу станцхэу ЗЯБКИ, ПУДСВИЛЬЕ, ШАРКОВЩИЗНА.

МИНСКЭ направлением деж 3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм, наступлением псынщIу зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ Белорусскэ ССР-м и город, гъущIгъуэгу станцышхуэ ВИЛЕЙКА, Минскэ областым и районнэ центрхэу город САМОЛЕВИЧИ, город КРАСНОЕ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуажэ 350-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр ЗАДОРЬЯ, ОКОЛОВО, ХОТОДИВИЧИ, МИХАЛОВО, ЮРОВА, ЖОДИНО, СЛОБОДА (Минскэ километрэ 20-кIэ и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэщ) икIи гъущIгъуэгу станцхэу ЖОДИНО, СМОЛЕВИЧИ, КРАСНОЕ. Абы хуэду ди дзэхэм МИНСК-ВИЛЬНО зэпаупщIащ гъущIгъуэгу.

БАРАНОВИЧЕСКЭ направлением деж 1-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ БАРАНОВИЧЕСКЭ областым и районнэ центрхэу город икIи гъущIгъуэгу станцышхуэ СТОЛБЦЫ, город ГОРОДЕЯ, город НЕСВИЖ, Минскэ областым и районнэ центрхэу город ЧЕРВЕНЬ, город СТАРОВБИНО, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуажэ 300 м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр ЛАПИЧИ, ТАЛЬКА, ОКОЛИЦА, СУТИН, БОБОВНЯ, ЖАУЛКИ, ЛЕНИНО, БЕЛЕВИЧИ, ЛЮТОВИЧИ, СМОЛИЧИ, гъущIгъуэгу станцхэу ЛАПИЧИ, УБОРОК, ТАЛЬКИ ГОРОДЕЯ, СЕРЕДНЯКИ.

Ди дзэхэм МИНСК-БАРАНОВИЧИ гъущIгъуэгур зэпаупщIахэщ.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июлым и 1-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом дежи немецкэ танки 103 зэхакъутахэщ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 35 къыраудыхащ.

Июлым и 3-м и оперативнэ сводкэ

Июлым и 3-р екIуэкIыхункIэ город ПЕТРОЗАВОДСК и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ КАРЕЛЬСКЭ фронтым и дзэхэр ипэкIэ кIуэтахэщ, къащтахэщ къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщу СЕМЧЕГОРА, УССУНА, КРАСНАЯ РЕЧКА, КЕНЯКИ, СЕМОЗЕРО, САЛМЕНИЦА, КУКОЙЛА, ГУЛЬЧЕЙЛО, САРСЕЛЬГА, ВАРЕНСЕЛЬКЯ, ВАРПАСЕЛЬКЯ, гъущIгъуэгу станцхэу ЧАЛКА, ПАДОЗЕРО, ВИЛЛЯГОРА, КУТИЖМА, СЕЛЬГА (ПЕТРОЗАВОДСК-СОРТАВАЛА гъущIгъуэгум деж).

Город ПОЛОЦК и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ 1-рей ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым и дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ Вилейскэ областым и районнэ центр город ГЛУБОКОЕ, город ДОКШИЦЫ, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 400-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр ПОГОСТ НОВЫЙ, ИОДЫ, МОСАРЖ, ХОРОШКИ, КРУЛЕВЩИЗНА, ПОРПЛИЩЕ, ПАРАФЬЯНОВ, гъущIгъуэгу станцхэу КРУЛЕВЩИЗНА, ПОРПЛИЩЕ, ПАРАФЬЯНОВ. Ди дзэхэр город ПОЛОЦК дыхьахэщ икIи урам зауэ щырагъэкIуэкIыр.

3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм 1-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэр къыдэпыкъукIэрэ, кууэ ирагъэкIуэкIа маневрэхэм къыхэкIкIэ, июлым и 3-м, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ Советскэ Белоруссиям и столицэ—город МИНСК, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуэжэ 450-м щигъу, абыхэм ящыщу Минскэ областым и районнэ центр город ЛОГОЙСК, Вилейскэ областым и районнэ центр город КУРЕНЕЦ, къуажэшхуэхэу БУДАСЛАВ, ДОЛГИНОВО, БАКУНЬКИ, КРАЙСК, ДУНАЙ, КРЕМЕНЕЦ, СОСЕНКА, СТАРИНКИ, ИЛИЯ, БЕЛОРУЧ, ОСТРОНИЦКИЙ, ГОРОДОК, гъущIгъуэгу станцхэу БУДСЛАВ, КРИВИЧИ, КУРЕНЕЦ. Ди дзэхэр город, гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ МОЛОДЕЧНО бгъэдыхьэпахэщ икIи городыбгъум зауэ щырагъэкIуэкIыр.

Июным и 28-м къыщыщIэдзауэ июлым и 1-м нэсыхункIэ мы гъэм 3-РЕЙ БЕЛОРУССКЭ фронтым идзэхэм немецкэ солдат, офицерхэу плен къащIащ 13256. Плен къащIахэм яхэтщ 95-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал майор Михаэлис. Абы хуэдэу, немецкэ солдат, офицер 3-РЕЙ БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм плен къащIащ июлым и 1-м ирихьэлIу щIыху 33256-м нэс.

БАРАНОВИЧСКЭ направлением деж 1-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, зауэкIэ къащтащ Минскэ областым и районнэ центр город МАРЬИНА ГОРКА, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 250 м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэр СМИЛОВИЧИ, ПУДЕЦКАЯ, СЛОБОДА, СКОБРОВКА, ПУХОВИЧИ, СМЕЛЬНО, ЩАЦК, ВАЛЕРЯНЫ, СЕМЕНОВИЧИ, КУДИНОВИЧИ, БОЛЬШАЯ СТАРИНА, МАЛОЕ РОЖИНО, гъущIгъуэгу станцхэу БЛУЖА, ПУХОВИЧИ, МОРОЧЬ, ТИМКОВИЧИ.

Июлым и 1-м, и 2-м и кIуэцIкIэ, бжыгъэ нэхъапэ къатахэмкIэ, 1-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм плен къащIащ немецкэ солдат, офицерхэу 3658. Плен къащIам яхэтщ 36-рей пехотнэ дывизым и генерал-майор КОНРАДИ. Абы хуэдэу, 1-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм плен къащIахэр июлым и 2-м ирихьэлIу щIыху 39.338-м нос.

Фронтым и адрей участкэхэм—зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июлым и 2-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэхакъутащ немецкэ танк 85. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 14 къыраудыхащ.

Венгриям, Югославиям щыIэ бийм и военнэ объектхэм союзникхэм я авиацияр теуэныгъэмкIэ

ЛОНДОН, июлым и 2-м. (ТАСС) Рейтерем и агенствэ Италиям щыIэ дзэхэм я нэхъышхьэ штабым и кореспондентым къырегъэхьыр, нобэ союзникхэм я бомбардировщик хьэлъэхэр теуащ нефтеперегоночнэ заводхэм, гъущIгъуэгу станцхэм, аэродромхэм, промышленнэ объект Будапешт и гъунэгъухэм, Венгриям и нэмыщI пунктхэм, абы хуэдэ къабзу ЮгославиямикI.

Италиям зауэр зэрыщекIуэкIыр

ЛОНДОН, июлым и 3-м. (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я дзэхэм я штабым къырегъэхьыр, союзникхэм я дзэхэм немцхэр арьергарднэ позицияхэм ирахуауэ, Тразименскэ гуэлым и къухьэпIэIуэкIэ икIи къуэкIыпIаIуэ районхэм дежхэм. 8-рей армиям и частхэр а гуэлым и къухьэпIэIуэкIэ икIи и къуэкIыпIаIуэкIэ ипэкIэ кIуатэхэри къащтащ город заул, абыхэм ящыщхэщ Синалунга, Фойало. Союзникхэр ипщэ лъэныкъуэмкIэ Картон городым зэрыпэжыжьэжхэр километри 6-щ. 5-рей армиям и частхэм бийр хуабжьу къапэныкъуакъуэкIэрэ, Рим къызэращтэ лъандэрэ абы нэхъ зауэ гуащIэ къэмыхъуауэ зауэхэкIэрэ, фронтым и кIыхьэгъыхэкIэ ипэкIэ кIуатахэщ.

Союзникхэм я самолет соединенэшхуэр дыгъуасэ теуащ нефть зэхэзыху заводым, коммуникиция зэхыхьэпIэхэм, Будапешт и районым щыIэ аэродромхэм, абы хуэдэ къабзу Югославиям, Севернэ Италиям щыIэ военнэ объектхэм икIи Адриатическэ тенджызым тет бийм и кхъухьхэм. Операция псом дежи бийм и самолет 57 якъутахэщ. Союзникхэм самолет 23 яфIэкIуэдащ.

Шорэ Ногмов.

„Адыгэ народым и историям" и пычыгъуитI

Адыгэхэм къыжаIэж таурыхъхэм япкъ иткIэ Ногмов Шорэ „Адыгэ народым и историер" тхын 1843 гъэм иухауэ щытащ.

Мы тхыгъэм мураду иIэр 1861 гъэм къыдэкIа а „Историем и пычыгъуитIым адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ цIыхухэр щыгъуазэ щIынырщ. Е III-нэ щыгъуазэ... едзыгъуэм и япэ пычыгъуэм къегъэлъагъуэр адыгэхэр чыристэн диным щихьа зэманыр, е VI-нэ едзыгъуэм щыщ е II-нэ пычыгъуэм къегъэлъагъуэр КъэбэрдейщIым къытеуауэ щыта тыргъутхэм (къалмыкъхэм) адыгэхэр ебэныныгъэр. Пычыгъуэхэм къыхэхуэ уэрэдхэм хэт псалъэхэр езы Ногмов Шорэ зэритха дыдэхэм хуэдэу къокIуэр. Ногмов Шорэ итха „Историер" адыгэбзэкIэ тхылъу зэикI къыдэкIакъым. Мы иджы теддзэ пычыгъуэхэр къыдэгъэкIыныр хуигъэхьэзыращ пединститутым и доцент Г. Турчаниновым.

I. Е III-НЭ ЕДЗЫГЪУЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪУЭ

„Грецием и император Юстиниан, адыгэ народым и союзникыу (къыгуэту) щытащ, уеблэмэ ар езыр адыгэхэм я щэджащэ цIэкIэ зэджэжу щытащ. ИжькIэ псэуа ди лъэпкъхэр и дэIэпыкъуэгъуу ар текIуащ империем и бийхэм. Псалъэм папщIэкIэ, псом хуэмыдэжу нэхъ ягу къинащ готхэмрэ абыхэм я гуэтхэмрэ зэратекIуар. Абы нужькIэ Юстиниан адыгэхэм гулъытэфI къахуищIащ икIи ахэр чыристэн диным игъэхьэныгъэм яужь ихьащ. Грекхэм а я диныр адыгэхэм ныкъуакъуэныгъэ хэмылъу къащтащ икIи абы а лъэпкъитIыр зэгъунэгъу хъуныгъэм хуишащ. Юстиниан и цIэм абы хуэдизкIэ адыгэхэм щIыхь хуащIырти, я псалъэхэр фIэщ ящIыным папщIэкIэ **Юстин и Iэнэ, юстукъу шэт** жаIэу тхьэ ираIэу щытащ. Пасэ зэманым ди народым тхьэм и цIэкIэ тхьэ иIуэу щытакъым, атIэ, псалъэр гъэпэжыным, пэжыр фIэщ щIыным папщIэкIэ фIыуэ ялъагъу цIыхум и цIэкIэ тхьэ яIэу щытащ.

Юстиниан зэрыгуэтым къыхэкIкIэ Кавказыбгхэм къекIуа грекческэ духовенствэм дэ къытхилъхьащ искусствэмрэ щIэныгъэ Iуэхумрэ. А зэманым щыгъуэщ ди щIым чылисэхэр щащIыныгъэр щекIуэкIауэ къалъытэр. Алыхьым и Iуэхутхьэбзащlэ цIыхум дыдейхэр зэреджэу щытар щоджэнщ, щоджэн нэхъыщхьэм зэреджэу щытар щийхънагъщ. Уеблэмэ таурыхъхэм къагъэлъагъуэр Грецием къикIыу япэ дыдэ къэкIуа щийхънагъыр зыщыпсэуа щIыпIэм и цIэр. А щIыпIэр Нальчик къалэм версиплIкIэ пэжыжьэу щыIэщ, абы зэреджэри „Iуащхьэцэщ". Иджыри а Iуащхьэр (IэрыщI Iуащхьэр) икъукIэ лъагэщ. Мис ар къэзыгъэлъагъуэ абы щыпсэуа щийхънагъыр зыщагъэлъапIэ, зыщаIэт уэрэд:

Уэ, щийхъэнагъыу ды къан,
щийхъэнагъыу ди нэху.
Тхьэ зикъашыр мэхасэ, и
хасэпIэри Iуащхьэцэщ,
Ар, Iуащхьэцэ щыгумэ къу...
хур унэу щиухуэщ.

Дыжьыныр бжаблэу щи...
гъэжщ.

ТхьэIухудхэр щохасэри,
абы щIэсыр жьэкIэхущ,

Бгъэщlыгу хуэдэу мэлъа...
тэри,

Пшэми хэту мэхуарзэ,

Бзаджэ зыщIэхэр елъагъу...
Зи дзажэ пылъыпкъыуэ, уэркъ...
хэм я дыщэ жор;

Хейджей гугумэ жор и...
хуэсэ,

Мансэшхуэр зи джа..., дж...
тэ кIыхькIэ мэдалъэ,
Джатэ кIэщкIи мезауэф,

Зауэр джэгукIэрэ зэхеш...
зи щIакIуэкIэр гуих...

Тхьэхэ я щийхънагъ, Ер...
жыбу шу закъуэ.

Грекческэ духовэнствэр ... дэIэпыкъуэгъуу чыристэн ди... ныр Кавказыбгхэм щыгъ... гъэрт. Чыристэн диныр тIа... хъэ хъуащ грекческэ импери... зэхэкъута нэужьым, сыт щхь... кIэ жыпIэмэ щымыIэжта... япIэкIэ щийхънагъхэр щIэу... къэзыгъэкIуэн щыIэжакъы... Чыристэн диныр нэсу кIуэды... жыпащ 1717 гъэм, Тыркум... султаным и приказкIэ Кърым... хъанхэу Долэтджэрирэ Къ... зджэрирэ муслымэн дин... джатэрэ мафIэкIэ зырагъэу... гъуу щыщытам. А лъэхъэн... щоджэн куэдхэр яукIащ, абы... хэм я тхылъхэр мафIэк... ягъэсащ".

II. Е VI-нэ ЕДЗЫГЪУЭМ И ПЫЧЫГЪУЭ

„Езыр-езыру зэныкъуэкъу... ныгъэ зауэхэми нужькIэ, ... мыру, тыншу илъэс Iэд... екIуэкIащ. Къэбэрдей нар... дым къылъысауэ щыт... къулайсызыгъэхэр щыгъупщ... жащ, захэкъута псэукIэр ... фIигъэувэжащ. ЯмыщIэ... Къэбэрдейм и гъунапкъэ... тыргъутхэр (къалм... лъэпкъхэр) дзэ куэдрэ тархо... скэ татархэмрэ я гъусэу къы... щыхутащ. Пщыхэу Беслъэн... Къыдырщокъуэ, Талъустэн... сымэ къалмыкъхэр къызэр... кIуэм и пэжыпIэр къыщащIа... дзэ кIуэд захуашэсащ, ах... къатеуэныгъэм пэплъу, ар... хьэкIэ Къэбэрдейм и гъун... пкъэр дэнэ деж бийм къыщ... пиупщIынуми ящIэртэкъым... Ар къащIэнымрэ бийм к... лъыплъынымрэ папщIэк... ягъэкIуащ пщы щIалэщIэху... Къыдырщокъуэ, Тепсэрыкъу... Чылахъстэн сымэ, ... дыдэхэу шу 1000 ягъусэу... Абыхэм я пщэ иралъх... бийхэм я бжыгъэр, зыдау... лъэныкъуэр къащIа... абы ... хъыбарыр псынщу ... къыIэрагъэхьэну. Къэхутак... гупыр яутIыпшри адыга... яужь ихьащ я мылькухэмр... народымрэ увэIэпIэ зэрыра... ным. ЕтIуанэ махуэм къы... мыкъхэм я бжыгъэмрэ зыху... унэтIымрэ я хъыбар къаIэры... хьащ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

ВУ 00223 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54.

Черкесскэ областым и государственнэ типография.

Ответ. редактор М. САКИЕВ.